

Jwenn yon Klinik WIC ki Toupre Ou

Ale sou sitwèb: health.ny.gov/prevention/nutrition/wic/how_to_apply.htm

Rele nimewo: 1-800-522-5006

Liy Dirèk Growing Up Healthy
(Growing Up Healthy Hotline)

Pou jwenn enfòmasyon sou lòt pwogram yo:

1-800-342-3009 pou:

- Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman (SNAP)
- Asistans Pwovizwa pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF)
- Pwogram Èd pou Enèji nan Kay (HEAP)

518-486-1086 pou:

Pwogram Sèvis Manje nan Lekòl
(School Food Service Program)

518-473-8781 pou:

Pwogram Sèvis Manje pandan Vakans Lete (Summer Food Service Program)

1-800-548-6479 pou:

- Liy Dirèk National Hunger (National Hunger Hotline)
- [Whyhunger.org/find food](http://Whyhunger.org/find-food)

health.ny.gov/wic

mybenefits.ny.gov/mybenefits/begin

facebook.com/NYSDOH

twitter.com/HealthNYGov

youtube.com/nysdoh

nystateofhealth.ny.gov

text4baby.org

wicstrong.com

Daprè lwa federal sou dwa sivil ak règlemantasyon ak politik Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture, USDA), USDA, Ajans, biwo ak anplwaye li yo ansanm ak enstitisyon k ap patisipe oswa k ap administrè pwogram USDA yo pa gen dwa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, peyi kote moun lan soti, sèks, andikap, laj oswa reprezay oswa vanjans akòz aktivite nan domèn dwa sivil moun lan te genyen anvan an nan okenn pwogram oswa aktivite USDA dirije oswa finanse.

Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou enfòmasyon pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, odyo tep, Langaj Siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Ajans lan (Eta a oswa lokal) kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, malantandan oswa ki gen yon andikap ki anpeche yo pale gendwa kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal (Federal Relay Service) la nan (800) 877-8339. Anplis, yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram nan disponib nan lòt lang ki pa anglè.

Pou pote yon plent pou diskriminasyon nan yon pwogram, ranpli Fòm Plent Diskriminasyon nan Pwogram USDA a ([USDA Program Discrimination Complaint Form, AD-3027](http://www.usda.gov/oascr/how-to-file-a-program-discrimination-complaint)) w ap jwenn sou entènèt la nan: <https://www.usda.gov/oascr/how-to-file-a-program-discrimination-complaint>, ak nan nenpòt ki biwo USDA, oswa ekri yon lèt bay USDA epi mete tout enfòmasyon yo mande nan fòm nan ladan. Pou mande yon kopi fòm plent la, rele nan (866) 632-9992. Soumèt fòm ranpli w la oubyen lèt ou a bay USDA nan:

- (1) lapòs: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410;
- (2) faks: (202) 690-7442; oswa
- (3) imèl: program.intake@usda.gov.


Enstitisyon sa a pa fè diskriminasyon epi li bay tout moun menm chans egalego.

Pou lòt plent oswa pou mande yon Odyans san Patipri kontakte:

- (1) kourye lapòs: WIC Program Director
NYSDOH, Riverview Center
150 Broadway, 6th Floor
Albany, NY 12204; or
- (2) Telefòn: (518) 402-7093; faks (518) 402-7348; oswa
- (3) imèl: NYSWIC@HEALTH.NY.GOV



Pare, Devlope, Grandi... avèk WIC



Pwogram Nitrisyon Sipleman Espesyal
pou Fanm, Tibebe ak Timoun.

Chèche konnen si fanmi ou kalifye!

Kimoun ki Kalifye?

- Fanm ansent yo
- Manman tibebe ki gen jiska 6 mwa
- Manman k ap bay tibebe tete epi tibebe yo gen jiska 12 mwa
- Tibebe ak timoun jiska 5yèm anivèsè nesans yo
- Papa ak moun k ap bay swen kapab aplike pou pitit yo

WIC Bay:

Konsèy sou Nitrisyon

- Aprann kijan pou chwazi manje ki pi bon pou sante epi pou vin pi aktif
- Nitrisyonis yo ap ede ou planifye repa ki bon pou sante
- Pale avèk lòt paran yo pou sipò

Sipò pou Alètman

- Espè nan alètman ki resevwa bon jan fòmasyon
- Lòt manman ki resevwa bon jan fòmasyon pou bay sipò nan alètman
- Ponp tete pou manman ki bezwen yo
- Manje espesyal pou manman k ap bay tibebe yo tete
- Ale sou sitwèb: breastfeedingpartners.org

Manje ki Fòtifyan

- Lèt, fwomaj, yogout, legim ak fwi fre, 100% ji, pat alimantè grenn antye, diri, pen, sereyal, fòmila, ze, manje tibebe ak plis

Referans pou lòt sèvis yo

- Espè nan alètman
- Tibebe ki an sante ak sèvis gadri
- Medicaid
- Asistans Pwovizwa pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF)
- Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman (SNAP)
- Planin famiyal
- Head Start
- Vyolans nan kay
- Sispann fimèn
- Vaksinasyon
- Swen anvan akouchman
- Abi alkòl/dwòg
- Prevansyon kansè

Pou Kalifye pou WIC, Ou Dwe:

- Ap viv nan Eta New York
- Satisfè règ sou limit revni oswa resevwa avantaj nan Medicaid, SNAP, oswa TANF
- Gen yon bezwen dyetetik



Fanmi K ap Travay yo Kalifye

- Fanmi ak moun k ap travay yo kapab benefisye WIC si yo reponn ak egzijans revni yo oswa si yo se manm aktif Medicaid SNAP, oswa TANF!
- Limit revni an ka ogmante chak ane
- Ale sou sitwèb: www.health.ny.gov/prevention/nutrition/wic/income_guidelines.htm pou wè si fanmi ou kapab kalifye

Ou Kapab Resevwa WIC Menmsi:

- Ou pa yon sitwayen ameriken
- Oumenm oswa lòt moun lakay ou ap travay

WIC ak Timoun

- Anbalaj manje WIC yo la pou ankouraje gwoès ki bon pou sante
- Etid yo montre timoun ki nan WIC travay pi byen nan lekòl
- Manman ki patisipe nan WIC gen plis chans pou akouche tibebe ki gen yon gwoès nan nesans ki bon pou sante yo